# JAZÍWSHÍ S.JUMAǴULOVTÍŃ PROZASÍNDA YUMORLÍQ PORTRETTIŃ JASALÍW ÓZGESHELIGI

**Kudiyarova Rıslıxan**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası izleniwshisi*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15643852

**Annotaciya**:*Biz bul maqalamızda S.Jumaǵulovtıń prozalıq shıǵarmalarında yumorlıq portrettiń jasalıw ózgesheligi máselesine toqtalıp ótpekshimiz. Insannıń kásibi hám is-háreketleri arqalı olardıń obrazı ashıladı. Portret tiykarında anıq insannıń kórinisin súwretlew múmkin. Portret áyyemnen payda bolǵan janr esaplanadı. S.Jumaǵulov óz shıǵarmalarında da yumorlıq portretlerdiń sáwlesin jasap, olardıń san álwan jaǵdaylardaǵı qarım-qatnasına tiykarlanıp, túrli soqlıǵısıwlar arqalı ómirdiń tiykarǵı máseleleri sáwlelenedirgenliginiń gúwası bolamız.*

***Tayanısh sózler**: portret, xarakter, personaj, detal, yumor, qaharman.*

Jazıwshınıń óz aldına qoyǵan maqseti tili arqalı usınıladı. Hár bir kórkem shıǵarmada jazıwshınıń sheberligi, onıń sózlerden utımlı paydalanıp, sózlerdi óz ornında durıs qollana alǵan halda óz ideyasın, shıǵarmasınıń mazmunın turmıs shınlıǵı menen baylanıstırıp, qaharman obrazın yaǵnıy portretin ayqın jaratıwı menen kózge taslanıp turadı. Jazıwshı shıǵarmasında óziniń aytajaq bolǵan pikirlerin hár qıylı usıllar menen jetkerip beriwge háreket etedi. Avtor shıǵarmasın óz sózi menen emes, bálkim, qatnasıwshı personajlardıń bir-biri menen sáwbeti yaǵnıy dialoglar menen de, yáki bolmasa, olardıń ózlerin sóyletiw arqalı sol personajlardıń hár túrli psixologiyalıq jaǵdayların, kewil keshirmelerin, tolǵanısların beriw yaǵnıy monologlar arqalı da, sonday-aq waqıyanı, qaharman obrazın súwretlewde peyzaj, portretten paydalanıw arqalı jetkerip berse ǵana haqıyqat sóz sheberine aylanadı.

Portret ádebiy qaharmannıń sırtqı kelbeti, kórinisi, kiyim-kenshegi, is-háreketi, ózin uslawı hám basqalardı kórkem shıǵarmadaǵı kórinisi bolıp, “jazıwshı portret jaratıwda bet, kóz, qas, erin, murın sıyaqlı dene múshelerin súwretlew menen sheklenbey, dene, qol, bas háreketleri, sóylew tempi, kúliwi, jılawı sıyaqlı insan psixologiyası menen baylanıslı háreketlerge de úlken itibar qaratadı. [3: 185]

Portret tek ǵana qaharmannıń ózine tánligin súwretlep ǵana qoymay, jazıwshınıń sheberligin de súwretleydi. Jazıwshı Saylawbay Jumaǵulov ta óziniń yumorlıq gúrrińlerinde portretti sheber qollanǵan. Onıń dóretiwshiliginde yumorlıq portretler salmaqlı orındı iyeleydi. Onıń “Qassap” atlı yumorlıq gúrrińinde begemottıń sırtqı kórinisin yumorlıq usılda súwretlep bergenligin kóremiz. Mısalı,

*“Áleken tordıń ishindegi begomottı kórip qorqıp ketti. Domalanǵan bir qara bale eken. Awızınıń úlkenliginiń ózi kishigirim bir geshir uraday bar eken. Moynı menen denesi tutasıp ketipti. Gegirdeginiń qay tusta ekenin bir qudaydıń ózi bilmese*

*bul onı úsh kún izlese de taba almadı. Onıń ele de jazılıp ketkenine shúkir etti”. [4: 20]*

Bul alınǵan mısalda Áleke qassap begomottı gegirdeginen alıp, onı soyıwı kerek edi, biraq onıń gegirdeginiń qay tárepte ekenligin biliw qıyın, dep asıra súwretlep qoyǵanday. Begomottıń sırtqı kórinisin súwretlew arqalı jazıwshı Áleke qassaptıń batırlıǵın, kúshliligin qosa súwretlep turǵanday seziledi, sonıń menen birge begomottı yumorlıq portrette súwretlep qoyǵanlıǵın kóremiz.

Kórkem obraz portretiniń eki qırı bar bolıp, olar obrazdıń sırtqı kórinisi hám individual-psixologiyalıq kórinisi. Bul táriyp, álbette, shártli bolıp, hár eki jaǵdayda jazıwshı qaharmanınıń ishki keshirmeleri, xarakterine kirip barıwǵa háreket qıladı. Portret jazıwshınıń insan dúnyasın qanshelli tereń biliwin kórsetiw menen birge oqıwshınıń da insan tabiyatı haqqındaǵı pikirlerin keńeytedi, dártin túsiniw hám seziwge járdem beredi. Bunnan kórinip turǵanınday, jazıwshınıń kórkemlik sheberligin onıń ádebiy qaharman portretin súwretlegenine qarap ta belgilese boladı.

Portret - bul xarakterdiń sırtqı kórinisin súwretlew, onıń xarakteristikasında úlken ról oynaydı, sonday-aq obraz jaratıw quralların biri. Qaharman tábiyatınıń avtorı ushın ásirese áhmiyetli bolıp kóringen tárepleri portrette óz kórinisin tabadı. Portrettiń psixologiyalıq mánisi ádebiyattıń rawajlanıwı menen artıp baradı.

S.Jumaǵulovtıń “Komandirovka” gúrrińinde portret penen qosa obrazdı da jaratıp bergenligin kóremiz. Mısalı, *“Azanda es-túsime kelip, jay-jaǵdaydı túsingennen keyin, úkige batırılıp alınǵan pıshıqtıń balasınday, on eki múshem qalshıldap qoya berdi. Qalay ǵana búyitpeyin. Jurttıń hayalların bilmedimdaǵı, biziń úydegi qurdasıń esersoqlaw birew. Dawısı da aq ayıwday gúrildegen, erkek dawıs. Júrgende de qos beksesin bir bulk ettirmey, eneǵarıń, ótken olimpiadaǵa qatnasqan palwanlarday saldamlı júredi. Biypatpanıń tuqımı bolsa da, quday buǵan tilde emes, al rapiydaday qos shapalaqtı inám etken. Men birneme “jutıp” kelgen kúni, kóp sóylep basıńdı aylandırıp turmaydı. Keledi de, shekeńe ońnan soldan aylandırıp-aylandırıp jiberedi. Tamam. Sol waqıtta másligim tarqap ketip, úydiń jumıslarına aylanısıw menen bolaman”. [4: 36]*

Bul alınǵan mısalda kúyewi tárepinen berilgen portret hayalınıń sırtqı kórinisi menen qosa onıń obrazın da súwretlep turǵanlıǵın kóremiz. Hayalınıń portretin qalay súwretlep bergen bolsa, kózimizdiń aldına sonday bolıp elesleydi. Solay eken, portrettiń áhmiyeti júdá áhmiyetli eken.

Ádebiyattanıwshı alım Tóxta Boboyev “Adabiyotshunoslikka kirish” miynetinde kórkem portretke tómendegishe táriyp beredi: “Portret – francuzcha súwretlew, kórkem shıǵarmada adamlardıń sırtqı kórinisi, kiyimi hám basqa súwretlewler.

Jazıwshı qaharmannıń sırtqı kórinisin sızıw arqalı onıń ishki keshirmelerine kiriwge umtılǵan. Ásirese, portret ushın kóz, bet, kóz jas hám basqalar zárúr esaplanadı. Portret jazıwshı ushın qaharman ruwxıy dúnyasın ashıwshı gilt bolıp xızmet etedi". [2:235-240]

Ádebiyattanıwshı portretti keń hám tar mániste qollanıw múmkinligi, tar mániste tek ǵana qaharman sırtqı kórinisi súwretlense, keń mániste individual-psixologiyalıq yaǵnıy ishki ishki-keshirmelerdi súwretlewdi talap etedi. Bul menen alımnıń pikirlerinen portret shıǵarma ushın kerek bolǵan nárse ekenligin ańlap alıwımız qıyın emes.

Gúrrińde sáwlelendirilip atırǵan portrettiń ullı waqıyalarǵa bay dáwir hám sol dáwir adamı sáwleleniwi de múmkin. Batısta sonday gúrrińler payda bolǵan, olarda ya mazmun birligi, ya forma birligi, ya qaharman xarakteri, ya qaharman portreti joq. Jaqsı jaratılǵan portretsiz aktual hám qızıqlı problema qálemge alınsa da, gúrriń tolıq tabısqa erise almaydı.

Jazıwshı S.Jumaǵulovtıń "Sonanı nege sıylayman" gúrrińinen mısal alıp qarayıq: *Ekinshi tost, taqır bas, eki urtı semizlikten tómen salbıraǵan, júzi shiyedey qıp-qızıl, tortqa semirgen jigit aǵasına berildi. Berilgen joq-aw, teńselip ózi turdı da, qolındaǵı ryumkasın murnına tiygizip sóyley basladı. Túsinikli. Ol qarındasınıń tuwılǵan kúnin tań sáhárden belgilewdi baslaǵan.*

*- Him… joldaslar! – Ol teńselip baratırǵan ózin zorǵa tutıp aldı. – Men de tuwısqan qarındasımnıń ana tisleri ushın i-she-men! [4:50]*

Bul alınǵan mısalda qarındasınıń tuwılǵan kúnine kelgen qaharmanıń portreti jaratılǵan. Onıń sırtqı kelbetinen baslıq adam bolsa kerek dep te oylaysań. Bul jerde tiykarǵı másele "altın tis" máselesi ortaǵa kóteriliwi menen qatar jámiyettegi ayırım hayallardıń minez-qulqın, portretin súwretlegeniniń gúwası bolamız. Bundaǵı tiykarǵı bas qaharman tuwılǵan kúnniń iyesi – yaǵnıy awzına jaqında ǵana altın tis saldırıp alǵan hayal obrazı. Ne ushın altın tis máselesi, dep oylawıńız múmkin. Bunı tómendegi portret arqalı tolıǵıraq maǵlıwmatqa iye bolamız.

*Úsh-tórt kúnlikte, onıń menen bazarǵa shıǵa qoyıp edim, quday saqlasın. Qaytıp birge júrmeske, qaltamnıń túbinen shıqqan nannıń usaǵın uslap turıp ant ettim. Onıń janında júriw sumlıq.*

*Ádep, bazarshılarǵa lıqqa tolǵan avtobusta, meni hám ózin bir masqara qıldı.*

- Hay konduktor, - *dedi biziń hayal, bizlerden arıraqta bilet jırtıp atırǵan oǵan nazlana sóylep. – Nege bizlerden kelip bilet almaysań.*

*- Alamız, uzatıp jiberseńiz de boladı-ǵo!*

*- Nege uzatıp jiberedi eken sizge! – Hayalım awzın múmkinligi bolǵanınsha ashtı hám altın tislerin jarqıldatıp sóyledi. – Yamasa altın tisi barlardan bilet almaysań ba?...*

*Konduktor da julqınǵan hám kózi temekiniń japıraǵınday kók-kóńbek hayal eken. Moynındaǵı sumkasındaǵı tiyinların bir shıńǵırlatıp aldı da, kórsetkish barmaǵın bizler tamanǵa shoshańlatıp sóylep ketti.*

*- Maqtan ba qatın áy tort túyir altın tisane.*

*- Maqtanaman! He… nege maqtanbaydı ekenmen, bildiń be? Saldırsam ózimniń pulıma saldırdım dá!- dedi biziń jaman da qalıspay.*

*- Sol pullarıńa onnan da, - Konduktor jeńgey maǵan qaray mısqıllap iyek qaqtı. – Ana janıńdaǵı súmireygen bayıńa taza qalpaq satıp áper. Anań qara basındaǵısına bawırsaqtıń mayı juǵıptı. [4:48-49]*

Bul alınǵan mısallardan-aq kórinip turıptı, konduktor hayaldıń portreti jáne de kúyewiniń potreti menen qosa hayaldıń da portreti birgelikte súwretlengen. Altın tisli hayaldıń portreti menen qosa onıń xarakteri de kelip shıǵadı. Ol hayal ózinen basqanı oylamaytuǵın, tek altın tisine maqtanıp kúle beretuǵın, kúyewiniń de ústi-basına qaramaytuǵın ekenligi konduktor hayaldıń bir sózinen-aq belgili boldı.

Epikalıq shıǵarmalarda, sonıń ishinde gúrrińlerde qaharman portretiniń jaratılıwı tiykarǵı orındı iyeleydi. Jazıwshılardıń idealı tiykarında jaratılıp atırǵan qaharmanlar portretine dúnya hám ruwxıy álemde júzege kelip atırǵan jetiskenlik hám kemshilikler sińdirilip kelinbekte. Bul bolsa, álbette, oqıwshı sanasına tásir etpey qoymaydı. Dóretiwshiler de áne usı maqsetti jáne de kúsheytiw maqsetinde insannıń sanasına tereńirek kirip barıwǵa hám onda júz berip atırǵan ózgerislerdi ózleri jaratıp atırǵan qaharmanlar portretine sińdirip barıwǵa háreket etip kelmekte. Qaharman portreti onıń súwretlemesinde, avtor táriypinde hám is-háreketler bayanında kórinedi. Bul faktorlar birlesip, kitap oqıwshısı kóz aldına real insan obrazı gewdelenedi.

"Orınbasar saylaw" gúrrińinde baslıq ózine orınbasar saylawdaǵı sınaqları haqqında sóz boladı. Jazıwshı bul gúrrińinde de yumorlıq portretlerdi sheberlik penen qollanǵan.

*"Direktorımız qabaǵı burınǵıdan bes beter úyilip ketti. "Bul jigit te maǵan orınbasarlıqqa bolınqıramaydı eken. Direktorınıń túsip ketken qálemin alıp bere almaǵan orınbasardıń ne keregi bar. Taǵı otırısın buzbay ne deydi dese, "Mına men betten aylanıp kelmeseń ala almaytuǵın shıǵarsız" deydi aw".*

Ekinshi orınbasarlıqqa saylaw ushın bas buǵalterdi aldına shaqıradı.

*"… Stakandaǵı áp-ánedey turǵan qálem stoldıń astına domalap tústi de ketti. Bunı kózi ilip qalǵan bas bugalter stoldıń astına súńgip ketip, eńbeklep jurip qálemdi izlew menen boldı. Taza direktor usi waqıtta barıp bir kúlimsirep qoydı.*

- *Ne qıldıń, taptıń ba? Men betke túsip ketken shıǵar, qarasayın* ba?

- *Yaq, qıymıldamay otıra beriń. Ózimiz tabamız. Siz bul jaqqa eńkeyip hálekke qalmańız. Mine, taptım, alıńız! [4:11]*

Bul alınǵan mısalda eki obrazdıń portreti berilgen. Birewi jaǵımpazlıqtı bilmeytuǵın adam obrazında bolsa, ekinshisi jaǵımpazlıqtı ótkeretuǵın insannıń portretin jaratıp bergen.

Portretlik súwretlewler de qaharman xarakterin ashıwda ayrıqsha orın iyelegen. Portret jasaw usılı avtordıń aldına qoyǵan maqsetin belgilep alıwında hám sol arqalı qaharman minezin ashıwda belgili dárejede kórkemlik xızmet atqaradı. Ádebiyatshı T.Boboev: "Portret ataması, ádette, eki mánide qollanıladı, birinshiden, qaharmannıń sırtqı kórinisin súwretlese, ekinshiden, individual-psixologiyalıq kelbetin ashıp beredi. Sóz sheberi qaharmannıń sırtqı kelbetin sızıw arqalı onıń ruwxıy dúnyasına kiriwge umıtıladı". [1:178]

«Qız benen tanısıw" gúrrińinde bir jigit bir qızdı sırtınan unatıp qaladı. Ol qız, tiykarınan, somsa satatuǵın qız boladı. Jigittiń tilinen qızdın portreti beriledi. Mısalı,

"*Institutta ishten oqıp murnıma jańa samal enip júrgen kúnlerim edi. Stependiyamdı qaltama urıp kiyatırǵanımda avtobustan túsken bir qızdı unatıp qaldım. Ózi kelte boylıdan kelgen, piste murnınıń shep qaptalında júweriniń úlkenligindey qali bar, súp-súykimli qız eken. Izinen bir shaqırımday jayaw bardım da, onıń qay jerde isleytuǵının bilip aldım, asxanada somsa pisiredi eken. Kóp uzamay ol bazardıń aldına satıw ushın bir kastryuldi toltırıp somsa alıp shıqtı*". [4: 30]

Bul alınǵan mısaldaǵı portret yumorlıq sıpatqa kirmeydi, biraq er jigittiń óziniń súygen yarı ushın islegen is-háreketlerinde biraz bolsa da júzińizge kúlki juwıradı. Bul portretlik súwretlewde jigit óziniń jaqsı kórip qalǵan qızınıń sulıwlıǵın portretlik detallar arqalı súwretlegen.

Kórkem shıǵarma dóretiw – bul hám juwapkershilikli, hám mashaqatlı is. Sebebi shıǵarmanıń syujeti qızıqlı, waqıyaları keskin burılıslarǵa bay bolǵanı menen, ondaǵı qaharmanlar, portretler isenimsiz bolsa, oqıwshınıń qálbine kirip barıp, oǵan tásir etpese ol shıǵarma sátli shıqpaydı. Shıǵarma qaharmanlarınıń portreti kewilge qonımlı hám real ómirdegidey bolıp jaratılıwında bolsa, qaharmanlardıń portreti de tiykarǵı xızmetti atqaradı. Portretler bir-birin tákirarlamawı, óziniń ayrıqsha belgileri menen ajıralıp turıwı lazım. Sheberlik penen jaratılǵan portretler ǵana ádebiyatta óz ornına iye boladı.

Bul shıǵarmalardı oqıw arqalı kishi kólemdegi epikalıq janrlarda da qaharmannıń portreti jaratılıwı, onda qaharmanlardıń portreti menen qosa obrazı da ashıp beriliwi oǵada áhmiyetli ekenligin kóriwge boladı. Kórkem shıǵarma oqıwshı

qálbine obraz hám portretler arqalı jol alatuǵınlıǵı belgili. Sonlıqtan portretler jasalma emes, al haqıyqıy, ómirsheń insanıylıq tábiyatın sheber ashıp berilgen bolıwı talap etiledi. Jazıwshı portret dóretiwde onıń tiykarın turmıstan aladı, turmıs hádiyseleri tiykarında dóregen ideyaların kórkem qıyalı arqalı qayta islep, adamlar dúnyasınıń kórkem sáwlesin payda etedi.

Juwmaqlap aytqanda, biz bul maqalamızda jazıwshı S.Jumaǵulovtıń yumorlıq gúrrińlerinde portret jasaw sheberligine toqtalıp óttik. Onıń portretlik súwretlewleri arqalı qaharmanlardıń sırtqı pishimi menen ishki dúnyasın, ásirese, oy - órisi menen adamgershilik qásiyetlerdi óz boyına qosa sińdirgenin súwretlewde portretlik detallardan sheberlik penen paydalanǵan.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. "Ўзбекистон". 2002.
2. Qayumov A. (2018). Creating of a national character through means of literature. Theoretical & Applied Science.
3. Sabirdinov A. (2021). ASKAR KASIMOV IN THE UZBEK POETRY OF THE XX CENTURY THE ROLE AND IMPORTANCE OF CREATION. Конференции, 1(2).
4. Жумағулов С. Сырым да усы шыным да… , Нөкис, Қарақалпақстан", 1984.